

Swen Sante Matènèl Kay Moun New York ki Imigran¹

Lè fanm yo jwenn swen sante anvan, pandan ak apre gwosès la, sa fè yo² gen yon pi bon gwosès epi fè yon pi bon eksperyans akouchman epi sa fè yo kapab kontinye rete an sante menm apre gwosès la. Men, règ Medicaid ki genyen kounya yo limite swen sante ki disponib pou fanm yo anvan ak apre gwosès la selon sitiyasyon imigrasyon yo.

Pa rapò ak fanm ki fèt Ozetazini yo, fanmi ki imigran yo genyen:

- **Mwens chans** pou yo al wè yon doktè fanmi oswa yon jinekòlòg obstetrisyen (obstetrician/gynecologist, OB/GYN) anvan yo ansent
- **Mwens chans** pou yo resevwa swen dan anvan oswa pandan yo ansent
- **Plis chans** pou yo pèdi asirans sante yo genyen an apre yo fin akouche

Fanm ki imigran yo gendwa genyen difikilte tou pou yo jwenn swen sante matènèl si:

- Yo ap viv Ozetazini depi mwens pase senk (5) lane
- Yo te imigre soti nan Amerik Santral, Amerik Disid, Afrik Sibaharyèn oswa Azi Disid



Kisa ou kapab fè pou ou menm ak kominote ou?

Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w jwenn sèvis swen sante yo anvan, pandan ak apre gwosès atravè sèvis ak pwogram sa yo:

- Ale sou [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche "**Everyone Can Get Health Care Services in NYC**" (**Tout Moun Kapab Jwenn Sèvis Swen Sante nan NYC**) pou w jwenn enfòmasyon sou dwa ou genyen pou w jwenn swen sante nan NYC kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon ou oswa kapasite w pou peye.
- Ale sou [nyc.gov/ochia](https://www.nyc.gov/ochia) epi chèche "**immigrants**" (**imigran**) oswa "**pregnant**" (**ansent**) pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon asirans sante ki genyen pou Moun New York ki imigran oswa ki ansent.
- Ale sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche "**health insurance enrollment support**" (**sipò pou enskripsyon nan asirans sante**) pou w jwenn èd pou enskri nan asirans sante.
- Ale sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche "**respectful care at birth**" (**swen nan respè pandan akouchman**) pou w jwenn plis enfòmasyon sou **Nòm NYC pou Swen nan Respè pandan Akouchman (NYC Standards for Respectful Care at Birth)**.
- Ale sou [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche "**Services for Recently Arrived Immigrants**" (**Sèvis pou Imigran ki Fèk Rive yo**) pou w jwenn sèvis pou imigran oswa refijye ki fèk rive yo.
- Ale sou [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche "**actionNYC**" oswa rele nan 800-354-0365 pou w jwenn asistans legal nan zafè imigrasyon ki gratis epi san danje.
- Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou defann politik ki kapab fè enpak sou kominote ou epi amelyore rezilta sa yo nan zafè sante, ale sou [everymothercounts.org/advocacytoolkit](https://www.everymothercounts.org/advocacytoolkit).
- Ale sou [nyam.org/hd4nyc/our-work](https://www.nyam.org/hd4nyc/our-work) pou w jwenn enfòmasyon sou pwojè Done sou Sante pou Vil New York (Health Data for New York City) yo.

¹Depliyon sa a prezante rezilta ki soti nan pwojè rechèch sa a ki rele Done sou Sante pou Vil New York, ki sèvi ak done ki soti nan Sistèm Siveyans pou Evalyasyon Risk Gwosès (Pregnancy Risk Assessment Monitoring System, NYC PRAMS), 2016–2018: Maru S, Glenn L, Belfon K, et al. Itilizasyon swen sante matènèl kay manman ki imigran nan Vil New York yo (Utilization of maternal health care among immigrant mothers in New York City), 2016–2018. *J Urban Heal*. 2021. <https://doi.org/10.1007/s11524-021-00584-5>

²Yo pa te poze moun ki patisipe nan ankèt yo kesyon sou idantite seksyèl yo. Poutèt limit sa a, tèm "fanm" ak "matènèl" nan depliyon sa a pran an kont nenpòt moun ki kapab ansent.